



Secure Choice Savings Program

Ede anplwaye ou yo asire sekirite finansyè yo gras ak New York Secure Choice

New York State Secure Choice Savings Program se yon fason senp pou ede anplwaye ou yo ekonomize pou tan kap vini an

Ekonomize pou pran retrèt la kapab difisil - espesyalman pou travayè ki pa gen aksè ak yon plan retrèt nan espas travay yo.

New York Secure Choice ede ogmante aksè ak ekonomi pou retrèt epi fè li fasil pou patwon yo ede anplwaye yo kòmanse fè ekonomi.

Kisa New York Secure Choice ye?

New York Secure Choice se yon nouvo pwogram ekonomi pou retrèt pou anplwaye sektè prive ki pa gen aksè ak yon plan retrèt nan travay la. Avèk enskripsyon otomatik ak dediksyon pewòl ou ka ede anplwaye ou yo ekonomize nan pwòp kont IRA Roth yo. Kòmanse se pwosesis ki rapid ak fasil, epi li gratis pou patwon yo.

Si ou se yon patwon ki oblije patisipe nan pwogram nan, New York Secure Choice ap fè ou konnen lè li nan moman pou ou enskri. Ou dwe enskri epi patisipe nan pwogram nan si ou:

- Gen 10 anplwaye oswa plis
- Pa ofri yon plan retrèt ki kalifye
- Gen pou pi piti de lane depi ou nan biznis lan



Kijan biznis ou an ka benefisye de New York Secure Choice

- Se yon metòd ki **gratis** pou fè.
- Li **fasil pou fè**. Administrasyon an senp epi ou gen ti responsablite k ap kontinye sèlman.
- Pwogram nan konekte fasilak **anpil sistèm** pewòl, konsa ou ka pase plis tan sou biznis ou.
- Li se yon avantaj ki gen anpil valè pou **atire epi kenbe** anplwaye yo.
- **Ou pa oblije oswa gen pèmisyon pou ajoute lajan** sou kontribisyon anplwaye yo.
- Ou pa gen **okenn responsablite fidisyè**.



Responsablite ou antanke yon anplwayè

- 1. Enskri konpayi ou nan www.NewYorkSecureChoice.com** Depi ou resevwa Kòd Aksè inik ou an, ou pare pou kòmanse. W ap jis bezwen bay enfòmasyon debaz sou anplwaye ou, pwosesis pewòl ak enfòmasyon sou kont labank ou.
- 2. Voye kontribisyon pewòl anplwaye ou yo.** Kòmanse dediksyon pewòl epi soumèt enfòmasyon sou kontribisyon ak finansman pou anplwaye ki chwazi rete nan pwogram nan. Ou ka menm envite yon reprezantan pewòl pou ede ou fasilite pwosesis sa a.
- 3. Kontinye voye kontribisyon pewòl epi kenbe dosye anplwaye yo.** Soumèt pewòl ou nan chak peryòd pèman epi kenbe kontribisyon pewòl anplwaye ou yo ak lis anplwaye ou a ajou.

Jwenn resous itil ak repons pou kesyon ki poze pi souvan sou entènèt nan www.NewYorkSecureChoice.com/help.

Travay ak yon founisè pewòl?

Aprann plis sou entegrasyon nan www.NewYorkSecureChoice.com/payroll

Yon fason fasil pou ede anplwaye ou yo ekonomize

- New York Secure Choice fè li fasil pou ekonomize ak kontribisyon pewòl otomatik nan yon IRA Roth.
- Pwogram nan retire otomatikman 3% nan salè brit anplwaye yo pou ekonomi retrèt, epi yo ka chanje pousantaj sa a nenpòt ki lè.
- Patisipasyon anplwaye yo volontè. Anplwaye yo ka rete enskri yon fason otomatik, oswa yo ka soti nan pwogram nan epi reyenskri pita.

New York State Secure Choice Savings Program ("New York Secure Choice") se yon pwogram ekonomi pou retrèt kote yo enskri anplwaye yo otomatikman epi retire lajan sou pewòl yo, epi Komisyon Konsèy New York Secure Choice Savings Program York la ("Board") ap sipèvize pwogram nan. Vestwell State Savings, LLC ("Vestwell"), se administratè pwogram nan. Vestwell ak Bank of New York responsab jesyon pwogram yo chak jou. Patisipan ki itilize New York Secure Choice yo se pwopriyetè legal epi yo gen kontwòl sou Kont Retrèt Endividyèl Roth ("IRA"), jan yo presize sa nan enfòmasyon pwogram nan sou sit entènèt la sou NewYorkSecureChoice.com.

New York Secure Choice ofri opsyon investisman Komisyon Konsèy la chwazi. Pou plis enfòmasyon sou opsyon investisman New York Secure Choice, ale nan NewYorkSecureChoice.com. Balans kont yo nan New York Secure Choice ap varye selon kondisyon mache yo epi se pa Komisyon Konsèy la, Eta New York, Federal Deposit Insurance Corporation ("FDIC") oswa nenpòt lòt òganizasyon ki garanti oswa asire li.

New York Secure Choice se yon pwogram retrèt ki konplètman volontè. Ekonomize gras ak yon Roth IRA ka pa apwopriye oswa otorize pou tout moun. Lè patwon ou ede w enskri nan New York Secure Choice, pa konsidere sa kòm yon apwobasyon oswa rekòmandasyon patwon ou pou pwogram nan, pou Roth IRA yo, oswa pou opsyon investisman yo ofri nan pwogram nan. Roth IRA yo pa sèlman pou New York Secure Choice; ou ka jwenn yo deyò pwogram nan epi mete lajan ladan yo san itilize dediksyon sou pewòl. Kontribisyon nan yon New York Secure Choice Roth IRA nan dediksyon pewòl ofri kèk avantaj fiskal ak konsekans. Men, se pa tout moun ki kalifye pou kontribye nan yon IRA Roth.

Vestwell pa bay konsèy legal, finansyèl, taks oswa investisman. Patisipan nan pwogram nan ta dwe chèche konsèy pwofesyonèl apwopriye pa yo si yo gen kesyon ki gen rapò ak taks oswa investisman, anvan yo pran nenpòt desizyon sou patisipasyon yo oswa investisman yo nan pwogram nan.